

ETA NEW YORK
BIWO SÈVIS POU TIMOUN AK FANMI (OFFICE OF CHILDREN AND FAMILY SERVICES, OCAFS)
PWOGRAM FOSTER YOUTH COLLEGE SUCCESS INITIATIVE

ENPÒTAN!!

Ou Ka Elijib Pou Lòt Finansman Pou Kolèj!

- Si ou se yon jèn ki nan fanmi dakèy oswa ou te nan fanmi dakèy **aprè 13yèm anivèsè nesans** ou, epi w ap ale oswa w ap aplike nan kolèj, ou **ka** kalifye pou plis finansman ak sèvis sipò. Pwogram inisyativ jèn nan fanmi dakèy pou yo jwenn siksè nan kolèj New York State Foster Youth College Success Initiative la bay sèvis sipò ak finansman adisyonèl pou ede peye frè kolèj pou etidyan ki elijib yo.
 - Pou w ka kalifye pou fon sa yo ou dwe enskri nan yon Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY), nan City University of New York (CUNY) oswa yon enstitisyon prive nan eta New York ak yon Pwogram Opòtinite Edikasyon siperyè (HEOP).
- **Tanpri sonje: Pwogram sa a PA menm ak bon fòmasyon edikasyon an (Education Training Voucher) (ETV)!** Ou ka aplike ak resevwa toude.

Kisa mwen bezwen fè?

- Depatman Edikasyon Eta New York (NYSED) Inivèsite Eta New York ak City University of New York bezwen konnen si w nan oswa si w te nan yon Fanmi akèy. Yo bezwen enfòmasyon sa yo pou yo detèmine si w ka jwenn finansman oswa sipò.
- Si w te jwenn fòm konsantman sa a nan aplikasyon Pwogram Asistans pou Frè Eskolè (Tuition Assistance Program, TAP) a, tanpri asire w ke w fin ranpli aplikasyon TAP ou a nèt. Apre sa, tanpri ranpli epi voye fòm konsantman sa a nan adrès imel ke yo make anba fòm lan.

Èske OCFS ka pataje enfòmasyon sou fanmi akèy mwen ak NYSED, SUNY oswa CUNY san konsantman mwen?

- **Non.** Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York (OCFS) pa gen dwa pataje enfòmasyon sou fanmi dakèy ou san pèmasyon w oswa, si w poko gen 18 lane, san pèmasyon gadyen legal ou a. Se poutèt sa, OCFS mande pou yo ranpli fòm konsantman an.

Mwen vle wè si mwen ka jwenn lajan pou kolèj. Mwen vle pataje enfòmasyon mwen yo. Kisa pou m fè annapre?

- Si w **vle** OCFS pataje enfòmasyon w ak NYSED, si w gen 18 lane oswa plis, ou ka ranpli epi voye tounen fòm sa a. Si ou poko gen 18 lane, responsab legal ou a dwe ranpli epi voye tounen fòm sa a.
- OCFS ap voye enfòmasyon konsènan sityasyon w lan antanke yon jèn oswa yon ansyen jèn ki te nan fanmi akèy bay NYSED, SUNY oswa CUNY.

E si mwen pa vle yo pataje enfòmasyon mwen yo?

- Se chwa ou, oswa chwa gadyen legal ou a, si ou vle pataje enfòmasyon ou yo. Si ou pa vle OCFS pataje enfòmasyon sou fanmi akèy ou an bay NYSED, ou pa bezwen fè anyen ankò. Yo p ap konsidere w pou sipò oswa finansman adisyonèl nan moman sa a. Si w chanje lide epi ou ta renmen yo konsidere w pou plis sipò oswa finansman alavni, w ap bezwen ranpli fòm konsantman an nan moman sa a.

• **Mwen vle konnen plis sou pwogram sa a. Ki moun mwen ka kontakte?**

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram inisyativ pou kolèj Foster Youth College Success Initiative la, tanpri voye yon imèl bay Depatman Edikasyon Eta New York la nan fosteryouth@nysed.gov pou w ka mande enfòmasyon.

ETA NEW YORK
BIWO SÈVIS POU TIMOUN AK FANMI (OFFICE OF CHILDREN AND FAMILY SERVICES, OCAFS)
PWOGRAM INISYATIV POU KOLÈJ FOSTER YOUTH COLLEGE SUCCESS INITIATIVE
ENSTRIKSYON

- Si w gen 18 lane oswa pi gran, tanpri ranpli **Seksyon A**.
- Si w gen 17 lane oswa pi piti, tanpri voye enfòmasyon sa a bay paran w oswa gadyen legal ou. Yo ap gen pou yo ranpli **Seksyon B**.

SEKSYON A: Si w se yon jèn oswa yon ansyen jèn ki te nan yon fanmi akèy, epi w gen 18 lane oswa plis, ranpli Kesyon 1, ak 2.	
<p>1. Mwen gen 18 lane oswa plis, epi mwen otorize OCFS bay Depatman Edikasyon Eta New York non mwen, kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal mwen an, ak estati mwen antanke jèn oswa ansyen jèn ki te nan fanmi akèy bay Depatman Edikasyon Eta New York la. pou evalye kalifikasyon mwen pou sèvis adisyonèl ak sipò atravè Pwogram inisyativ pou kolèj Foster Youth College Success Initiative lan. <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non</p> <p>Anplis desa, Ou otorize NYSED pou divilge Enfòmasyon w antanke Etidyan ki pi ba yo ansanm ak estati kalifikasyon w bay enstitisyon edikasyon siperyè kote w enskri kounye a pou Foster Youth College Success Initiative (FYCSI).</p>	
2. Enfòmasyon sou etidyan an	
a. Non kolèj oswa inivèsite ou a:	
b. Dat enskripsyon an: / /	
c. Non ou:	
d. Non ou:	
e. Èske w te gen yon lòt non? (mete non an ak siyati an)	
f. Dat nesans ou: / /	
g. Tanpri bay sèlman kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou a:	
h. Tanpri bay adrès imel ou pou NYSED ka kontakte w konsènan Pwogram Foster Youth College Success Initiative lan:	
i. Tanpri bay nimewo telefòn selilè w la kòm yon lòt mwayen pou yo ka kontakte w:	
j. Adrès ou pou kourye lapòs:	
Siyati: <input checked="" type="checkbox"/>	Dat: / /

SEKSYON B: Si w se yon paran oswa gadyen legal yon jèn moun ki aktyèman oswa ki t ap viv nan yon fanmi akèy e ki poka gen 18 lane, tanpri ranpli kesyon 1, 2, ak 3.	
<p>1. Mwen se paran oswa gadyen legal jèn ki nan lis anba a. Nan wòl sa a, mwen otorize OCFS bay Depatman Edikasyon Eta New York la non jèn ki nan lis anba a, kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal yo, ak estati jèn lan antanke yon timoun ki aktyèlman oswa ki t ap viv nan yon fanmi akèy bay Depatman Edikasyon Eta New York la pou yo ka evalye kalifikasyon jèn lan pou sèvis adisyonèl ak sipò atravè Pwogram Foster Youth College Success Initiative la. <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non</p> <p>Anplis de sa, ou otorize NYSED pou l divilge Enfòmasyon sou etidyan an ki pi ba yo ak estati kalifikasyon jèn lan bay enstitisyon edikasyon siperyè kote jèn lan enskri kounye a pou Foster Youth College Success Initiative (FYCSI) lan.</p>	
2. Enfòmasyon sou Etidyan an	
a. Non kolèj oswa inivèsite etidyan la:	
b. Dat enskripsyon an: / /	
c. Non etidyan an:	
d. Siyati etidyan an:	
e. Non Ajans lan:	
f. Dat nesans etidyan an: / /	
g. Tanpri bay sèlman kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou a:	
3. Enfòmasyon sou gadyen legal la	
a. Non ou:	
b. Non ou:	
c. Relasyon ou ak etidyan ki endike anwo a:	
d. Tanpri bay adrès imel ou pou NYSED ka kontakte w konsènan Pwogram Foster Youth College Success Initiative lan:	
e. Tanpri bay nimewo telefòn selilè w la kòm yon lòt mwayen ke yo ka kontakte w:	
f. Adrès ou pou kourye lapòs:	
Siyati: <input checked="" type="checkbox"/>	Dat: / /

Ki kote pou mwen voye fòm ke mwen ranpli a?

Tanpri voye fòm konsantman an pa imèl bay: FCY4College@ocfs.ny.gov Dat limit: / /

Lè w ranpli fòm konsantman sa a, sa pa garanti kalifikasyon oswa finansman w pou pwogram sa a.